ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№117 (23.775) ● 2018 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхъыжьым и псалъэм и къару иныр

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэ Матовников Александр фокІадэм и 20-м аІущІащ Нэхъыжьхэм я совету КИФЩІ-м щыІэм хэтхэм. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІэблэр гъэсэным теухуауэ къэрал къулыкъущІэхэмрэ цІыхубэмрэ зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэныкІэ щыІэ Іэмалхэм.

МАТОВНИКОВ Александр жиІащ къаІэта Іуэхум Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, зыщыщ лъэпкъкІэ, динкІэ зэрызэтемыхуэр къагъэссёэпу зэрыхьэзрийрэ зэгурымыІуэрэ къагъэхъуну хуей гуэркэр зэрыщыІэр къэплъытэмэ.

- Апхуэдэ мурадхэм лъэІэсын папщІэ, нэщанэ ящІ ди щІалэгъуалэр. Абыхэм я гупсысэр хьыбар нэпцІхэмкІэ зэтраку, социальнэ сетхэмрэ мессенджерхэмкІэ ахэр къыззщІагъэст. Аращи, икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ унафэщІхэмрэ цІыхубэмрэ дызэкъуэту абыхэм дапэщІэтыным, - жиІащ Матовниковым. Абы къыхигъэщащ Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэхэри а Іуэхум нэхъ жыджэру къеушэлІэн зэрыхуейр.

- Кавказ Ищхъэрэм нэхъыжьым и псалъэм пщІэ щІэуІэу, щІалэгъуалэм я дежкІэ ар щапхъэу ижь-ижьыж лъандэрэ кьыщокІуэкІ. Аращ ди щІынальэхэм я нэхъыбэм республикэ Іэтащхьэхэм ядэлэжьэну нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэхэр къыщІыщыізрагъэпэщар, ветеранхэм я Советхэр щІыщыІэр. Псалъэм папщІэ, Тэрч къэзакъхэм я дзэ зэгухьэныгъэм епхауэ щыІэщ лІыжьхэм я совет. Апхуэдэуи Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Жылагъуэ советым гуэту мэлажьэ Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэ, - дыщІигъуащ къэпсэльам.

Матовниковым къыззрилъытэмкІэ, лъэпкъ хабзэхэр я тегъэщІапІэу щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэ Іуэхухэм гулъытэ хэха ягъуэтын хуейщ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КИФЩІ-м и Жылагъуэ советым епхауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт, «Наша Осетия» зэщІэхъеныгъэм и унафэщІ **Лагкуев Вячеслав**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм дэлажьэ Жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт, урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкІэ «Вече» Іуэхущапіэм и тхьэмадэ **Канунников Анатолий**, КИФЩІ-м и Жылагъуэ советым епхауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ **Джатауэ Виктор**, Тэрч къэзакъ дзэ зэгухьэныгъэм епхауэ лажьэ лІыжьхэм я советым и унафэщІ **Картушин Владимир**.

Зэхыьхэм щыжаІащ пІалъэ пыухыкІам тету мы зэІущІэм хуэдэ ирагъэкІуэкІын зэрыхуейр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Доткъул Лалу ягъэлъапІэ

Бахъсэн районым щыщ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм дэс Доткъул Лалу и ныбжьыр щыгъуэ 90 ирикъуащ. Юбилейм ирихьэлІэу абы къехъуэхъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий сымэ.

ПСАЛЪЭ гуапэхэр а махуэм ветераным хуаІэтащ район администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Къэзан Зауррэ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Къымыкъу МуІэдерэ. Абыхэм къэралым, республикэм я унафэщІхэм я хъуэхъуэхэр нэхъыжьыфІым иратыжащ икІи махуэшхуэ тыгъэ хуащІащ.

Щалъхуа, и гъащІэ псор щихьа къуажэм дэсхэм Доткъул Лалу фІыуэ яцІыу. Ар балигъ хьуну хунэмысауэ колхоз лажьыгъэм пэрыуващ икІи илъэс куэдкІэ Іэщцыхьуэу щытащ. И лажьыгъэфІым папщІэ абы щІыхь дамыгъэ куэд къыхуагъэфэщащ. Лалу и сурэтыр нобэми илъщ районым и ветеранхэм я щІыхь пхъэбгъум.

ЧЫЛАР Арин э.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ тыгъэхэр зэІэпах

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІащ Тыркум щыпсэу хэхэс адыгэхэм я щІэблэ суэрэтыщІ Бзаджэ Эргун, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым и лЫкІуэхэу Хьэпай Бильгиерэ Токъу Несринрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфЫыцІэ МухьэмэдТыркум къикІа ди лъэпкъэгъуэр хигъэгъуэзащ редакцэм и тхыдэмрэ и лэжьыгъэмрэ зыхуэдэм.

Бзаджэ Эргун и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэр Адыгэхэм я махуэм ирихьэлІэу Налшык щигъэлъэгъуащ. А суэрэтхэм ящыщщ абы ХьэфЫыцІэ МухьэмэдтыгъэкъыхуищІар. Апхуэдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ Щоджэн Іэминати зы суэрэт куритащ, и лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпын папщІэ. Мухьэмэдэ хьэщІхэм яритащ «Кабардино-Балкария» суэрэтылъэ-альбомыр, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгуэхэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлІэу къыдагъэкІар.

Хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ гуапэу зэбгъэдэсащ, я Іуэху зыІутымкІэ зэщІэупщІащ, дяпэкІи зэрыщІэну, зэкІэлъыкІуэну зэгурыІуащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Гъэунэхуныгъэхэм я илъэсищ (2015-2018 гъгъ.)

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Зэхуэсыхуэм хэтхэм я пащхьэ къыщипсэльар

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КОНГРЕССЫМ и делегатхэу пщІэ зыхуэсщІхэ, ди хьэщІэ лъапІэхэ, ныбжьэгъуфэ!

Си гум къыбгъэдэкІыу сэлам гуапэ фызэх мы зэІущІэшхуэм - ДАХ-м XII Конгрессым - кърихьэлІа псоми икІи си гуапэщ ди лъэпкъым ифІ къыззрыкІын Іуэхушхуэхэр мы зэхьихьэм къыщыбэхъуІэну.

Ди нобэрей зэхуэсым кърихьэлІащ федеральнэ центрым, Урысей Федерацэм и щІыналъэ зыбжанэм кьикІа хьэщІэхэр, къэралиблым я лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэмрэ лІыкІуэхэмрэ. Ми ди зэІущІэм хэт дэтхэнэми, псом хуэмыдэу хамэ къэралхэм къикІа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъуэхэмрэ - хэкужьым щекІуэкІ зэхуэсым зыкъырагъэхьэлІэн папщІэ гъуэгуанэ кІыхь къыззпызычахэм - фЫщІэ фхуэсщІыну сыхуейщ.

ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъуэхэ! БлэкІа илъэсищым тхуэзфІэкІахэм я гугъу сщІын и пэ къихуэру, ДАХ-р зэрызэфІэува щыкІэм, абы и тхьдэм кІэщІу сытепсэльыхьыну сыхуейщ. Хасэр 1991 гъэм Налшык щекІуэкІа япэ Зэхэщакіуэ Конгрессым къыщыззрагъэпэщащэу щытащ. Илъэс зэхуэмыдэхэм ДАХ-м и президенту хахауэ щытащ Къалмыкъ Юрий, ШъхьаІахьуэ Іэбубэчыр, Акъбащ Борис, Нэхущ Заурбий, Дзэмыхь Къасболэт, Ажахьуэ Къащубий, мы зэманым абы и унафэщІыр сэращ - Сэхъурокъуэ Хьэутийщ. Нобэ дэ фІыщІэ мыухыж яхудощІ ДАХ-р къыззгъэпэщыныр зи жэрдэму щытахэу Хьэткъуэ Фатхьи, Уджыхъу Ихьсан, Нало Заур, Ефэнды Джылахьстэн, Мэшбащіэ Исхьэкъ, Къуэдзокъуэ Анатолэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

ДАХ-р зэрызэхашэрэ лІэщІыгъуэ плІанэм щІигъащ, апхуэдэу щытми, Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу адыгэхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхызыгъэкІ дунейпсо зэгухьэныгъэу ноби щыІэр а зыращ. Абы сыт щыгъуи зи Іуэху зэрихуар икІи зэрихуэр, и лэжьыгъэр зыхуэунэтІар лъэпкъыр зыІуэ гугъуехь хэм къыхэкІыныкІэ щІэгъэкъуэн хуэхъуныщ, ди хэкуэгъуэхэм, ахэр сыт хуэдэ къэрал щымыпсэуми, яку дэлъ зэпыщІэныгъэр гъэбыдэныщ.

Нобэ дэ, XII Конгрессым хэтхэм, дригушхуэу тхуэхьІэнущ ди Хасэм и Іуныдыжьэ зэрыльагэр, ар пщІэшхуэ зиІэ дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэу зэрыщытыр. Ар уващ дуней псом щылажьэ адыгэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэр зэщІэпІа щыхъу щыпсыр щыпІэу, ахэр зэкъуэзыгъэувэ къаруэ. ДАХ-м и лэжьыгъэм тегъэчыныхьауэ куэд къыззрыкІэлъэпІым къеГъэльагъуэ абы пщІэшхуэ къызэрыхуащІыр икІи дуней псом ди зэгухьэныгъэм увыпІэ хэха щиІэ зэрыхъуар. Дэ, адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым, зэрыщыту жылагъуэм, къулыкъу яхудощІэ, ди хэкуэгъуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр ахэр щыпсэу къэралхэм щыпхыгъэкІыным дыхущІэкъуу. Ар кърикІуащ ДАХ-м и Гъэзэщіакіуэ гупым, Хасащхьэм нэхъапэм хэтахэмрэ иджыпсту а лэжьыгъэр зыгъэзащІэхэмрэ зэкІэлъыкІыну ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм.

Дуней псо Адыгэ Хасэм зыхуигъэувыжу щытащ, иджыри зыхуегъэувыж мыпхуэдэ кьалэн нэхъыщхьэхэр:

- ДАХ-м хэт шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, псэкупсэ къулегъэкъэр къэзыщІэрэщІэжьныныр абыхэм зегъэужьныныр, зихуэдэ щымыІэ и лъэпкъ щІыкІэр хъумэным, адыгэхэм я тхыдэм и пэжыпІэр зэфІэгъэувэжьным зи Іуэхуэхэр хуэгъэпсахэм я лэжьыгъэр зэгъэуІунымрэ абыхэм я кьалэнхэр ягъэззэщІэнымкІэ защІэгъэкъуэныкІэ;

- хамэ къэралщыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм хэкужьым пыщІа Іуэхуэхэр, урысей законодательствэм и мардэхэм изагъэу, зэтеухуауэ зэфІэгъэкІныкІэ;

- мамырыгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным хуэлэжьэныр, апхуэдэуи социальнэ, лъэпкъ, нэгъуэщІ зэныкъуэкъуэхэр къэмыгъэхъуныр.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● КъБР-м и Правительствэм

Гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырщ

КъБР-м и Правительствэм фокІадэм и 18-м щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іуэхущапіэхэр 2018 - 2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыныкІэ щыІэ комиссэм и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ министр Бэлэтокъуэ Владимир.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, Бэлэтокъуэм жиІащ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм зегъэужьыным, Іэмэпсымэхэр егъэфІэкІуэным, псыр, хуабэр зэратым гулъытэ хэха сыт щыгъуи хуащІын зэрыхуейр. Къапщтэмэ, республикэ унафэщІхэм мы зэманым ягъэбелджылащ цІыхухэр псыкІэ къыззэсыгъэпэщ Іуэхущапіэхэм я лэжьыгъэр зэрырагъэфІэкІуэну щыкІэр. Ар нэхъыбэу епхащ жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэжьныным. А Іуэхухэм текІуэдэнущ сом зы мелардэ мелуан 900-м нэблагъэ.

КъБР-м инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Гъэсашэ Жамболэт** зэрыжиІамкІэ, республикэм и Іуэхущапіэхэр мыгъэрей бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм гъэплъыным сом мелуан 577-рэ хухахащ. Гъэсашэм къыхигъэщащ зэфІагъэкІыну къапэщылъахэм ящыщу и Іуэхущапіэхэм я кІуэцІхэр зыхуэя зэрыхуагъэззжар, ахэр хуабэкІэ къызэрызэгъэпэщар, псы хуабэмрэ щІыІэмрэ зэрекІуэлІэр, электрокапсэхэм я щытыкІэр зыхуэдэр къызэрапщытар.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэу иІэм фэтэр куэду зэхэт унэ 2371-рэ (псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мелуани 6-рэ мин 38-рэ мэхъу) зэхъуэжьыдэ. Ахэр унэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм проценти 100-кІэ хуэхьэзыр хуэуащ, - жиІащ Гъэсашэм. - Къэбэрдей-Балъкъэрым, котельнэ 371-м ящыщу 365-р ягъэхьэзыращ, зэфІагъэкІын хуейуэ яубзыхуа лэжьыгъэхэр процент 99-кІэ ягъэззэщІащ. Районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щыпІэ администрацэхэм Іуэхущапіэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэ-рыхуэхьэзырым ехьэлІа я паспортхэм фокІадэм и 25 пщІондэ Іэ щІадзын хуейщ. Къапщтэмэ, мы зэманым гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзырщ Аруан, Прохладнэ, Лэскэн, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэмрэ Прохладнэ, Бахъсэн, Налшык кьалэ округхэмрэ.

Къэпсэльам зэрыжиІамкІэ, КъБР-м Цыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм къепха Іуэхущапіэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм хуигъэхьэзырым сом зы мелуанрэ мин 550-рэ хухахати, фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу лэжьыгъэхэр проценти 100-кІэ игъэззэщІащ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэныныкІэ и министерствэр - процент 85-кІэ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэр процент 95-кІэ хьэзыр хъуащ.

ЗэІущІэм щыжаІащ Іуэхущапіэхэр зэрыхущІэкъуэр кьагъэсэбэпа электрокъарумкІэ щыхуэ кьатемыхуэным. Ауэ республикэм кьащагъэсэбэпа газымкІэ ятелъ щыхуэр фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу сом меларди 4-рэ мелуан 44-рэ хъуащ (2018 гъэм и мази 8-м зэтрихьа щыхуэр сом мелуан 980-м щІегъу).

Бэлэтокъуэ Владимир зэІущІэм хэтхэм пщэрылъ ящищащ кьагъэльэгъуа зэманым ирихьэлІэу кьалэн щащІа Іуэхуэхэр зэфІахыну.

БАГЪЭТЫР Луиз э.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуэдэу

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным техуауа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригуГъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд хиивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуауа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэх хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущапіэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом **612-рэ кІэнІейкІэ 78-рэ** хъуэз аращ.

Ди индексыр 51531

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 25, *гъубж*

♦Зи тхьэкІумэхэм зэхамыхьхэм я дунейпсо махуэщ
♦Машинэ зыщІым и махуэщ
♦1632 гъэм Якутск кьалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.
♦1763 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ Москва кьащІэзэІуахащ Урысейм щыляпэ сымаджэщыр. Абы пащтыхь гуащІэм и кьуэ Павел и щІэр фІащащэу щытащ.
♦1818 гъэм инджылыз дохутыр Бланделл Джеймс дунейм щыляпэу зы цІыхум и лъыр адрейм хигъэльэдауэ щытащ.
♦1934 гъэм Налшык кьащІэзэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозсовхоз Іуэхущапіэхэм я япэ спартакиадэр.
♦1941 гъэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ ищІащ цІэгъэ хъуа зауэлІхэр зыхуей хуэгъэззэнымкІэ комитет къыззрагъэпэщыну.
♦1943 гъэм Дзэ Плъыжым Смоленск кьалэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІитхьэкІыжащ.
♦1991 гъэм ДОСААФ зэгухьэныгъэм и цІэр РОСТО жиІэу зэрахъуэкІащ.
♦1999 гъэм Ельцин Борис Іэ тридзащ Налог полицэм и федеральнэ къулыкъущІапІэм теухуа хабзэм.
♦Совет композитор, пианист щэджащэ, егъэджакІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Шостакович Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦АР-м и цІыхубэ тхакІуэ, драматург, зэдзэкІакІуэ **Еутых Аскэр** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Бондарчук Сергей** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦ПшынаУэ Іэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щІыхь зиІэ я артист **Пщыхьэщ Іэ Мухьэжыр** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Адыгэ тхакІуэ **Щэмырзэ Іэмырбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цІыхубэ артистка **Федосеевэ-Шукшина Лидие** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык щІэныгъэ-щІымахуэ лъэхъэнэм ирихьэлІэу ящІ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 11 - 15 щыхъунущ.

ФокІадэм и 26, *бэрэжьей*

♦Ядернэ Іэщэр гъэкІуэдыжьынэм щІэбэныным и дунейпсо махуэщ
♦Нэгъуэщі къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ
♦Смоленск кьалэм и лъабжьэр зэрагъэтІылъэр илъэс 1155-рэ ирокъу
♦1530 гъэм ягъэтІылъащ Чувашиеи и иджырей кьалащхьэ Чебоксары и лъабжьэр.
♦Темрюк кьалэр илъэс 462-рэ ирокъу.
♦Краснодар ухуэн зэрыщІадзэрэ илъэс 225-рэ ирокъу
♦1896 гъэм Москва къыщыззрагъэпэщащ гъуэгу зэпыщІэныгъэхэмкІэ инженернэ еджапІэр.
♦1941 гъэм Налшык щекІуэкІащ республикэм и парт активым и зэІущІэ. Абы щытепсэльыхьащ щыхухэр зэІущІэхэм хуегъэджэным.
♦1962 гъэм Йемен Хьэрып Республикэр къэунэхуащ.
♦1995 гъэм Украинэр Европэм и Советым хагъэхьащ.
♦Урыс еджагъэшхуэ-физиолог, Нобель и премиер ятащ и лауреат **Павлов Иван** къызэралъхурэ илъэси 169-рэ ирокъу.
♦Актёр щІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Басилашвили Олег** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Вахтанговым и щІэ зезыхьэ театрым и актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Максаковэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, публицист щІэрыІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм адыгэбзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Джэрыджэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Украинэм и президент **Порошенкэ Пётр** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 11 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуащіэгъэ:
Къундэпсо гуащІэм кхъуэщыныр зэрегъэкІуэкІ.

Гъэунэхуныгъэхэм я илъэсищ (2015-2018 гъэ.)

(КІэухыр. ПэщІодзэр 1-нэ нап.)

Иужьрей илъэсхэм зэфІэгъэкІа хъуахэм я гугъу щыткІыІэ, кІыхьэдгъэщІапхъэщ ДАХ-м къэрал Іэхэущ1апІэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, щІалэгъуалэ зэгучэныгъэхэм, егъэджэныгъэ Іэхэущ1апІэхэм япыщІауэ иныгъэкІуэкІа лэжьыгъэр, абыхэм екъулІэныгъэ пыуухьикІахэри зэрыщІэзыІэригъэхьар. А лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ Хасэм «Россотрудничество», Лъэпкъ Іуэхущхэмкі федеральнэ агентствэм, щыхуЗэ дипломатием зыщІэгъэкъуэнымкІэ фонду Горчаков А. М. и щІэр зезыхьэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, Тыркуи, Сирием, Иорданием, Европэм, США-м (Нью-Джерси, Калифорние штатхэм), Израилым щыІэ фІыщІэ зэгучэныгъэхэм япыщІауэ щытынкІэ зэтриукуащ, апхуэдэ Іэнатіэхэм Іуэху зэрыщІадгъэкІ щыкІэмкІи нэхъ куууэ щыгъуазэ зыхуищІащ. Мы зэманым ДАХ-м и тхьэмадэр хэтщ Урысей Федерацэм и Президентым деж Лъэпкъ Іуэхущхэмкіэ щыІэ Советым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэм зэныкъуэкъуэхэр кІыщымыгъэхъуным, апхуэдэхэр зэфІэхьыным хуэгъэпсэ и комиссэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и Жылагъуэ Советым.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым, Правительствэм и зыхуэфащэ Іэнатіэхэр щыгъуу, кІыхьэрэгъэпэщащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и унафэщІэхэмрэ Иорданием, Сирием, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я лІыкІуэхэмрэ я зэІущІэхэр. Абыхэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуэхэр экономикэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм щыгъэдзэкъэныжкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Хабзэ дахэ хъуакІэщ ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэІущІэхэм республикэ, щІалъэ, федеральнэ къулыкъущІапІэхэм я Іуэхущ1апІэ хэхахэм я лІыкІуэхэр кІрихьэлІэныр. Псалъэм папщІэ, 2017 гъэм ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэІущІэмхэтащ Лъэпкъ Іуэхущхэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым и къуэдэ Меженько А. В., Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм Къэрал кІуэц политикэмкІэ и управленэм Лъэпкъ политикэмкІэ и департаментым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ Мартынов В. Е. сымэ. Абы щытепсэлъыхьащ щэрджэс зэгучэныгъэхэр зэкъуэгъэувэнымтеухуа Іуэхущхэм, Урысей Федерацэм щыпсэухэм я лъэпкъ, щэнхабзэ зэмыдзэныгъэхэм нэхъри зезыгъэувыжыфыну Іэмалу ахэр къалъытэу.

2017 гъэм и мэлыжьыхь мазэм ДАХ-м и тхьэмадэр хэтащ затум пымыщІа урысей зэгучэныгъэхэм я лІыкІуэхэм Лавров Сергей ядригъэкІуэкІа зэІущІэхэм.

ДАХ-р ирагъэблагъэщ Евразием и лъэпкъхэм я зэгучэныгъэм и япэ съездым, 2017 гъэм накъыгъэм и 27 - 29-хэм Москва къалэм щекІуэкІам, Урысейм и щІыналъэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэм нэмыщІ, къэрал 60-м кІыкІахэри къызэрыхьІам.

Дызрилпъэж лъэхъэнэм къриубыдэу ДАХ-м и унафэщІэхэр хэлэжьыхьащ Кавказ Ищхъэрэм хьыхь щІыналъэхэми хамэ къэралхэми адыгэхэм я тхьэдэмрэ щэнхабзэмрэ теухуауэ щекІуэкІа щІэныгъэ-практикэ конференцэм, фестивалхэм, зэхыхьэ зэхуэмыдзэм.

Илъэс кІуам ДАХ-м утыку кърихьащ «Іуащхьэмахуэ щедгъэкІуэ зэпсэлъныгъэхэр-XXI: лъэпкъхэм яку зэгурыІуэ иныныр, зэныбжьэгъуГъэр, зэдзэпкъэныгъэр» проектыр, УФ-м и Президентым и грантхэр къэхьыным теухуа зэпеуэм бжьыпэр щызыубыдар. А проектыр ягъэзэщІэн мурадкІэ къыхалъхьат мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху зыбжанэ: ахэр Сирием, Иорданием, Тыркум кьІэпсэлъыкІыжауэ щыпсэуу унагъуэхэм я сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэжугъэр нэгугъыжьу кІахуэзгъэпэщащ, конференцэр, зэІущІэхэр, щэнхабзэ, уэзщІынигъэ Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыным пыщІат.

ДАХ-м и лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыІуэ щытащ икІи къонэжь адыгэхэр я адэжь хэкум къэшэжьыным пыщІа Іуэхуэхэр. Абы и лъэныкъуэкІэ яп1э игъэщІапхъэхэм ящыщ зауэ щекІуэкІ Сирие Хъэрпыр Республикэм къиІэпхъуэкІыжа ди лъэпкъэгъуэхэм защІэгъэкъуэныр. ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ Хасащхьэмрэ я зы зэІущІи щІыкІэм теуха Іуэхум щытемыпсэлъыхьу, абы и унафэ щамыщІу.

Нэгъуэщі къэралхэм кІыкІыжауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр урысей жылагъуэм хэзэгъэным хуэунэтІа зэІущІэхэр, «ст1ол хъурейхэр» идогъэкІуэкІ, жылагъуэ зэгучэныгъэхэмрэ къэрал властым и органхэмрэ я лІыкІуэхэр къырихьэжьащ. Абыхэм яхэтащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм, цІыхухэм лжьаныІэ ятыным, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэрэзпэщыным, Іэпхъуэшапхъуэм и Іуэхуэхм я унафэхэр зыщІэхэр.

Къэлэпхъуэжьахэм я узыншагъэм, ди деж щыІэ хабзэм къызэригъэзыныр тету, щыкІэльагъэпІь зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэхэм.

Къэрал властым и лІыкІуэхэм ящыгъуу, ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым яужь итщ хэкум къэзыгъэзэжахэр ди деж пІалъэкІэ щыпсэуну, е илъэс бжьыгъэкІэ щыІэну хуит зыщІ дэфтэрэхэр, е къэралым и цІыхуу къызэралытам щыкъэт теухуэ тхылъхэр абыхэм къыдахьыныкІэ сэбэп зэрахъэхъуным, ди къэралым и хабзэхэм ятеухуа я упщІэхэм я жэуапи ди деж щагъуэт.

Сириеи кІыкІыжа ди лъэпкъэгъуэхэр зыхуэдизыр кІэлъыстэным, ахэр лэжьапІэ Іэнатіэкіэ къызэрэзпэщыным, пенсэ яхуэгъэувыным, псэун щхьэкІэ мыхьэнэшхуэ зІэн нэгъуэщІ Іуэхуэхэр яхуэзэфІэгъэкІыным теухуа лжьыгъэм щокІуэкІ КъБР-ми Адыгеими.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Граждан жылагъуэм зегъэужьыныкІэ, лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэмкІэ и комиссэм и зэІущІэм щыкІэпльащ. ДАХ-м и унафэщІэхэм зэрызыхуагъэзам, Тыркуи кІыкІыжу КъБР-м къэІэпхъуэжа ди хэкуэгъэзэжам зауэ щекІуэкІ Іэпхъуэнэм лъабжьэншэу къызэрыщІтракъуэзэм теухуам. А Іуэхум иІэ мыхьэнэр къалъытэри, 2016 гъэм и мазаем КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Советым и зэІущІэм къыщІэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэпхъуэшэхуэным пыщІауэ щыщІэ гугъуехьэхэр, зыщІыуэ лъэпощхьэпхэр зэфІэхьын Іуэхум жылагъуэ, къэрал Іуэхущ1апІэхэр щызэдзлэжьэным теухуа жэрдэмыр.

Дызэрыт илъэсым и накъыгъэ мазэм ДАХ-м иригъэкІуэкІащ Сирием, Иорданием, Тыркум кІыІэпхъуэкІыжа ди хэкуэгъэхэмрэ республикэм и лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я лІыкІуэхэр. Абы крихьэлІащ къэрал властым и органхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я лІыкІуэхэр. Апхуэдэ зэІущІэхэр хабзэ хъуауэ пІалъэ-пІалъэкІэрэ йокІуэкІ икІи ахэр сэбэп мэхъу къыгъэхьэжахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим щыпсэу лъэпкъэм я зэІущІэхэр.

Абыхэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуэхэр экономикэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм щызэдзэпкъэныжкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Хабзэ дахэ хъуакІэщ ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэІущІэхэм республикэ, щІалъэ, федеральнэ къулыкъущІапІэхэм я Іуэхущ1апІэ хэхахэм я лІыкІуэхэр кірихьэлІэныр. Псалъэм папщІэ, 2017 гъэм ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэІущІэмхэтащ Лъэпкъ Іуэхущхэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым и къуэдэ Меженько А. В., Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм Къэрал кІуэц политикэмкІэ и управленэм Лъэпкъ политикэмкІэ и департаментым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ Мартынов В. Е. сымэ. Абы щытепсэлъыхьащ щэрджэс зэгучэныгъэхэр зэкъуэгъэувэнымтеухуа Іуэхущхэм, Урысей Федерацэм щыпсэухэм я лъэпкъ, щэнхабзэ зэмыдзэныгъэхэм нэхъри зезыгъэувыжыфыну Іэмалу ахэр къалъытэу.

2017 гъэм и мэлыжьыхь мазэм ДАХ-м и тхьэмадэр хэтащ затум пымыщІа урысей зэгучэныгъэхэм я лІыкІуэхэм Лавров Сергей ядригъэкІуэкІа зэІущІэхэм.

ДАХ-р ирагъэблагъэщ Евразием и лъэпкъхэм я зэгучэныгъэм и яп1э съездым, 2017 гъэм накъыгъэм и 27 - 29-хэм Москва къалэм щекІуэкІам, Урысейм и щІыналъэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэм нэмыщІ, къэрал 60-м кІыкІахэри къызэрыхьІам.

Дызрилпъэж лъэхъэнэм къриубыдэу ДАХ-м и унафэщІэхэр хэлэжьыхьащ Кавказ Ищхъэрэм хьыхь щІыналъэхэми хамэ къэралхэми адыгэхэм я тхьэдэмрэ щэнхабзэмрэ теухуауэ щекІуэкІа щІэныгъэ-практикэ конференцэм, фестивалхэм, зэхыхьэ зэхуэмыдзэм.

Илъэс кІуам ДАХ-м утыку кърихьащ «Іуащхьэмахуэ щедгъэкІуэ зэпсэлъныгъэхэр-XXI: лъэпкъхэм яку зэгурыІуэ иныныр, зэныбжьэгъуГъэр, зэдзэпкъэныгъэр» проектыр, УФ-м и Президентым и грантхэр къэхьыным теухуа зэпеуэм бжьыпэр щызыубыдар. А проектыр ягъэзэщІэн мурадкІэ къыхалъхьат мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху зыбжанэ: ахэр Сирием, Иорданием, Тыркум кІыІэпхъуэкІыжауэ щыпсэуу унагъуэхэм я сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэжугъэр нэгугъыжьу кІахуэзгъэпэщащ, зэІущІэхэр, щэнхабзэ, уэзщІынигъэ Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыным пыщІат.

ДАХ-м и лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыІуэ щытащ икІи къонэжь адыгэхэр я адэжь хэкум къэшэжьыным пыщІа Іуэхуэхэр. Абы и лъэныкъуэкІэ яп1э игъэщІапхъэхэм ящыщ зауэ щекІуэкІ Сирие Хъэрпыр Республикэм къиІэпхъуэкІыжа ди лъэпкъэгъуэхэм защІэгъэкъуэныр. ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ Хасащхьэмрэ я зэІущІэхэр йокІуэкІ. Хасэм и зэхыхьэхэр щэрджэсхэм нэхъыбэу щыпсэу къэралхэмри щыгъэзэхэщащ. Абыхэм крикІуахэм къызэрагъэлъэгъэщащ, апхуэдэ зекІуэхэм мыхьэнэшхуэ яІащ икІи икъуэкІэ сэбэпныгъэшхуэ къаша.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и апхуэдэ зэхуэс щекІуэкІащ Краснодар крайм щыщ Лазаревскэ къуажэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Сочэ къалэм и Іэтащхьэ Пахомов Анатолий. Я жылагъуэ зэгучэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэрыщІэгъэпсыхьам теухуауэ абы къыщыпсэщІыпІэхэм ильэс ещанэ хъуауэ къыдогъэкІыжа Іуэхуэхэр, Краснодар, Армавир къалэхэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщІхэр. Абыхэм я лэжьыгъэм крикІуахэр зэхэтлъхьажащ, 2018 гъэм зэрыпэжьэну щІыкІэр дубзыхуащ, ДАХ-м и зи чэзу Конгрессым зэрыызыудгъэхьэзырыну щІыкІэм и гугъу щытщІащ, Сирием щыпсэу щэрджэсхэм я Іуэху зыкІутам, ахэр зыхэт гугъуехьхэм, хэкужьым къэкІуэжа ди лъэпкъэгъуэхэм защІэгъэкъуэным теухуауэ утыку кърахьа Іуэхуэхэм зэпкърыхауэ дыщытепсэлъыхьащ. Гулъытэ нэхъыбэ зыгъуэтахэм ящыщщ анэдэлъхубзэр зыхумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ, щІыпІэм, крайм я унафэщІхэм дадэлэжьэныгъэ щыІэ Іэмалхэр. УзыщыгуфІыкІын Іуэхуу къыхэзгъэщынут тенджыз ФІыцІэм и Іуэфэм Іус шапсыгъэм защІэгъэкъуэным хуэгъэпса программэ хэха крайм илъэс кІэд хъуауэ зэрыщыІэр. Ар хъарзынэу мэлажьэ, шапсыгъ унагъуэхэм щыщ сабийхэм я анэдэлъхубзэр ирагъэдж, кІуэжкэм дэт егъэджэныгъэ щыІэ Іэмалхэр. УзыщыгуфІыкІын Іуэхуу къыхэзгъэщынут тенджыз ФІыцІэм и Іуэфэм Іус шапсыгъэм защІэгъэкъуэным хуэгъэпса программэ хэха крайм илъэс кІэд хъуауэ зэрыщыІэр. Ар хъарзынэу мэлажьэ, шапсыгъ унагъуэхэм щыщ сабийхэм я анэдэлъхубзэр ирагъэдж, кІуэжкэм дэт егъэджэныгъэ щыІэ Іэмалхэр. УзыщыгуфІыкІын Іуэхуу къыхэзгъэщынут тенджыз ФІыцІэм и Іуэфэм Іус шапсыгъэм защІэгъэкъуэным хуэгъэпса программэ хэха крайм илъэс кІэд зыхэт спорт дауэдапщэхэр къызэрагъэпэщ. Щ1ым унафэ тещІыхьыным теухуа лэжьыгъэр хъарзынэу йокІуэкІ, щыІэдэлъхубзэ пъэкъыр нэхъыбэу щыпсэу Сочэ, ТІуапсэ щІыналъэхэм я инфраструктурэми псынщІэу зегъэужьыным здолэгъуэ, ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупыр Лазаревскэ щІыналъэм зэрыщыІэнуи теухуа программэм хэтт шапсыгъ къуажэхэм зыщыт пльыхьныри, абы щыпсэухэм даІуцІэнри. ЗэІущІэр иуха ныужь, абы щызэфІэгъэкІа Іуэхуэхэр зэхъэхьажащ, дапэкІэ дызэрызэдзлэжьэну щІыкІэхэри дубзыхуащ.

Гъэзэщ1акІуэ гупым нэгъуэщІ щІыпІэ щриГъэкІуэкІа и етІуанэ зэхуэсыр Германием, Остерламмре щІыпІэм, къыщызэрагъэпэщат. Абы щызэпкърахащ Щэрджэс щэнхабзэ зэгучэныгъэхэу Европэм щыІэхэм я федерацэм и лэжьэкІэр, Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху зыІутымрэ УФ-м къэІэпхъуэхэм защІэгъэкъуэнымрэ, анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ хуэгъэпса комитетым и лэжьэкІэм, хамэ къэрал щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэныгъэ щІэзрагъэгъуэтыным, адыгэ хьэрфыпльэр зы щІыным, ДАХ-м и ярыхь кІыІэгъэгъэпэщыным, нэгъуэщІ куэдми. ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр Германием щыщыІам ирихьэлІэу абы щекІуэкІащ адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестиваль, Европэм щыпсэу щэрджэсхэм я федерацэм къызэригъэпэщауэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр Европэм щызэбгрыдзауэ ис ди лъэпкъэгъуэхэр зэщІэгъэуІуэныгъ, ахэр зэрыгъэщІыхьныгъ, анэдэлъхубзэкІэ зэгъэпсэлъэныгъ.

Фестивалым хьихьэу екІуэкІащ жылагъуэ зэгучэныгъэхэм я лІыкІуэхэм я зэпсэлъныгъэхэр, щэрджэсхэр зы европей зэгучэныгъэм щызэгъэуІуэным тегъэпсыхьа жэрдэмэр къыщыхалъхьащ. Европэм щыпсэу щэрджэсхэм я федерацэм къызэщІеубыдэ европей къэралхэм ис адыгэхэр: абыхэм яхэтщ Урысейм, Тыркум, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум хьихьэ къэралхэм икІахэр. Іэщ1агъэлІэхэм къызэралъытэмкІэ, ЕС-м хьихьэ къэралхэм щопсэу адыгэхэм къахэкІа цІыху минищэ хуэдиз. Федерацэм и пащхьэ ит къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ адэжь хэкум егъэджэныгъэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэмкіэ пыщІауэ щытынкІэ, я анэдэлъхубзэр яхъумэжынкІэ.

2018 гъэм и бадзэуэгъуэм и кІэм ДАХ-м и Хасащхьэм и зэІущІэр щызэхэтащ Тыркум, Анкара километр 15-кІэ пэжьыжьэу щыс, Нарт-Къалэ зыцІащ жыпІэ щыкІуэм. А зэхуэсым къриубыдэу Хасэм и лІыкІуэхэр щыІащ Тырку Республикэм и къызэрэзпэщащ Кемаль Мустэфа (Ататюрк) и мавзолейм икІи абы и фэеплъым деж удзэ гъэгъакІэр щагъэтІылъащ. Абдежым апхуэдэ дауэдапщэхэр щыщрагъэкІуэкІыр мыхьэнэшхуэ зиІэ, пщІэ хэхэ зыхуащІ Іуэхуэхэр къыщызэрагъэпэщащ дежщ. Мы зэм а хабзэхэм ебжьащ, я цІыху бжьыгъэкІэ къапщтэмэ, Тыркум ещанэ увыпІэр щызыІыкІэ адыгэ лъэпкъым и хьэтыркІэ. Апхуэдэуи къэщІэ лъапІэхэм я псалъэхэр зратэх тхьилъми дэри ди тхыгъэ иттхащ.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм ягъэльэпІащ Хьэткъуэ (Адыгэ) Аслъэн - Тыркум щыпсэу щэрджэсхэм я зэгучэныгъэхэм я нэхъ ин дыдэм - КАФФЕД-м и къызэрэзпэщакІуэхэм ящыщ зыр. Тхьэмадэм ФІыщІэ хуащІри, ДАХ-м и Щ1ыхь тхылъымрэ и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэмрэ ираташ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ унэтІыныгъэхэм ящыщщ щэрджэс лъэпкъым и щэнхабзэ, псэкупсэ къулеигъэкІэ къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ зегъэужьыныкІи щІэгъэкъуэн хъуныр. Илъэс къэс фокІадэм и 20-м йокІуэкІ Адыгэхэм (щэрджэсхэм) я махуэм теухуа дауэдапщэхэр. Абы ирихьэлІэу къызэрагъэпэщ гуфІэгъуэ пшыхьэхэр, концертхэр. Налшык илподромым щрагъэкІуэкІ шыгъажэхэр, КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэІуах гъэльэгъуэныгъэхэр. А гуфІэгъуэхэм хэтщ, ди щІыналъэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми Урысейм и нэгъуэщІ щыпІэхэми къикІа уэрэджьыкІуэхэр, къэфакІуэ гупхэр.

Илъэсым и ешхыкІ щІыпІэ щыщ Лаэревскэ къуажэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Сочэ къалэм и Іэтащхьэ Пахомов Анатолий. Я жылагъуэ зэгучэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэрыщІэгъэпсыхьам теухуауэ абы къыщыпсэщІыпІэхэм ильэс ещанэ хъуауэ къыдогъэкІыжа Іуэхуэхэр, Краснодар, Армавир къалэхэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщІхэр. Абыхэм я лэжьыгъэм крикІуахэр зэхэтлъхьажащ, 2018 гъэм зэрыпэжьэну щІыкІэр дубзыхуащ, ДАХ-м и зи чэзу Конгрессым зэрыызыудгъэхьэзырыну щІыкІэм и гугъу щытщІащ, Сирием щыпсэу щэрджэсхэм я Іуэху зыкІутам, ахэр зыхэт гугъуехьхэм, хэкужьым къэкІуэжа ди лъэпкъэгъуэхэм защІэгъэкъуэным теухуауэ утыку кърахьа Іуэхуэхэм зэпкърыхауэ дыщытепсэлъыхьащ. Гулъытэ нэхъыбэ зыгъуэтахэм ящыщщ анэдэлъхубзэр зыхумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ, щІыпІэм, крайм я унафэщІхэм дадэлэжьэныгъэ щыІэ Іэмалхэр. УзыщыгуфІыкІын Іуэхуу къыхэзгъэщынут тенджыз ФІыцІэм и Іуэфэм Іус шапсыгъэм защІэгъэкъуэным хуэгъэпса программэ хэха крайм илъэс кІэд зыхэт спорт дауэдапщэхэр къызэрагъэпэщ. Щ1ым унафэ тещІыхьыным теухуа лэжьыгъэр хъарзынэу йокІуэкІ, щыІэдэлъхубзэ пъэкъыр нэхъыбэу щыпсэу Сочэ, ТІуапсэ щІыналъэхэм я инфраструктурэми псынщІэу зегъэужьынымрэ здолэгъуэ, ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупыр Лазаревскэ щІыналъэм зэрыщыІэнуи теухуа программэм хэтт шапсыгъ къуажэхэм зыщыт пльыхьныри, абы щыпсэухэм даІуцІэнри. ЗэІущІэр иуха ныужь, абы щызэфІэгъэкІа Іуэхуэхэр зэхъэхьажащ, дапэкІэ дызэрызэдзлэжьэну щІыкІэхэри дубзыхуащ.

Гъэзэщ1акІуэ гупым нэгъуэщІ щІыпІэ щриГъэкІуэкІа и етІуанэ зэхуэсыр Германием, Остерламмре щІыпІэм, къыщызэрагъэпэщат. Абы щызэпкърахащ Щэрджэс щэнхабзэ зэгучэныгъэхэу Европэм щыІэхэм я федерацэм и лэжьэкІэр, Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху зыІутымрэ УФ-м къэІэпхъуэхэм защІэгъэкъуэнымрэ, анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ хуэгъэпса комитетым и лэжьэкІэм, хамэ къэрал щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэныгъэ щІэзрагъэгъуэтыным, адыгэ хьэрфыпльэр зы щІыным, ДАХ-м и ярыхь кІыІэгъэгъэпэщыным, нэгъуэщІ куэдми. ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр Германием щыщыІам ирихьэлІэу абы щекІуэкІащ адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестиваль, Европэм щыпсэу щэрджэсхэм я федерацэм къызэригъэпэщауэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр Европэм щызэбгрыдзауэ ис ди лъэпкъэгъуэхэр зэщІэгъэуІуэныр, ахэр зэрыгъэщІыхьныр, анэдэлъхубзэкІэ зэгъэпсэлъэныр.

Фестивалым хьихьэу екІуэкІащ жылагъуэ зэгучэныгъэхэм я лІыкІуэхэм я зэпсэлъныгъэхэр, щэрджэсхэр зы европей зэгучэныгъэм щызэгъэуІуэным тегъэпсыхьа жэрдэмэр къыщыхалъхьащ. Европэм щыпсэу щэрджэсхэм я федерацэм къызэщІеубыдэ европей къэралхэм ис адыгэхэр: абыхэм яхэтщ Урысейм, Тыркум, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум хьихьэ къэралхэм икІахэр. Іэщ1агъэлІэхэм къызэралъытэмкІэ, ЕС-м хьихьэ къэралхэм щопсэу адыгэхэм къахэкІа цІыху минищэ хуэдиз. Федерацэм и пащхьэ ит къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ адэжь хэкум егъэджэныгъэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэмкіэ пыщІауэ щытынкІэ, я анэдэлъхубзэр яхъумэжынкІэ.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым, Хасащхьэм хэтхэр, абы жыдхэру къыдэлажьэхэр нэхъ щІэх-щІыхьуэ щІэныгъэ зиІэ щІалэгъуалэ, хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъэхэм. ЛэжьыгъэкІэ, ныбжьэгъуГъэкІэ нэхъри бдзэу зыІэпытщІэн хуейщ.

Методикэ щхьэхуэ зэхэлъхьэн хуейщ, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ адыгэбзэр зрагъэщІэным дезыгъэхьэхьын, щэнхабзэр хъумэным-рэ абы зегъэужьынымрэ хуэлажьэну Іэмэпсымэуи уэрыфІыгъ, пІалъэ зэхущытыкІэхэри иригъэфІэкІуэфын хуэдэу.

Іуэхущ1апІэ зэмыдзэжьыгъэхэм мызэ-мытІэу захуэдгъэзэ пэтми, къэзыгъэзэжахэр пІалъэкІэ щыпсэуну, е илъэс бжьыгъэкІэ щыІэну хуит зыщІ дэфтэр, е Урысей Федерацэм и цІыхуу зэрыщытым щыхьэт теухуэ тхылъхэр къыдэкъыным пыщІа Іуэхуэхэр кІыхьІыхь мэхъу.

Дэ дыщыпсэу щыпІэхэм емылъытауэ дызыхуейр зэтохуэ: ДАХ-р адэкІи яужь итын хуейщ дуней псом щэрджэсу щыпсэур зэкъуэгъэувэжыным, ди щэнхабзэ щІэинхэр къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ хъумэнымрэ, ди хабзэхэр, бзэр хъумэжыным, дунейпсо зэгучэныгъэм хэтхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымрэ абыхэм къащхьэщыжьыныкІэ, адыгэхэр адэжь щІыналъэм къэІэпхъуэжьыным хэлІыфІыхьыным. Шэч къытесхьэркъым: ДАХ-м зыщиужьыну Іэмал щиІэр УФ-м и закъуэщ икІи Урысейм и ныкъуэкъуэгъуэхэм ди къэралым къыхуэІэ я гужьгъэжьхэр пхагъэкІын мурадкІэ щрагъэзгъэзэбэпынукъым Кавказым щыпсэухэм.

А Іуэхуэхэм телэжьэн хуейщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хьихьэ Адыгэ Хасэ псори.

Си къэпсэлъэныгъэм и кІэухыу мыр къыхэзгъэщыну сыхуейт. Дэ дрогушхуэ ди лъэпкъым кьыхэкІауэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм исхэм я къэралхэм, я правительствэхэм, Іэщ1ажэ зэщІуэзда я къарухэм, полицэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми къулыкъу лъагэхэр зэрыщІагъ ышы. Абыхэм яхэтщ дуней псом щыщІэрыІуэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, тхакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащэхэр, Олимп чемпионхэр. Абыхэм щІэныгъэфІ ябгъэдэлъщ я адэжьхэм я щІыналъэм теухуауэ икІи дуней псом щагъэльагъуэ я адыгэхэм я лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэр-хабзэр, щыпкъагъэр, лъэпкъыр дыкъызэрадыхьу пщалъэжр. А псом кІикІыращи, хамэ къэрал щыпсэу щэрджэсхэр щытщ лъэпкъыр зэзыгъэуІужьыфынкІэ уэзыщІугъэ ныбжь, дызэзыхьыж лъэмыжу, Урысей Федерацэм дунейм щІэ Іупльджыр нэхъри зыгъэбыдэфыну къарууэ. Дэ дяпэкІи дытелажьэнущ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхуиІэ пыщІэныгъэр нэхъри гъэбыдэным. Ахэр ди къэралми, Адыгеими, КъБР-ми, КъШР-ми щыпсэу лъэпкъэхэм я сэбэп зыхэлъхэм хуэлажьэным, мамырыгъэм и лІыкІуэ тхэгъэуным щыІэныгуГъэнущ.

ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъуэх! Мыбдеж нобэ кьыщыдзэхуэсахэм, ДАХ-м и лэжьыгъэм мы илъэсищым хэта псоми фІыщІэ фхуэсщІу зыфхуэзгъэзэну сыхуейщ щыІэныгъэ фхэлъу, хасэм и пщэ дэлъ, кьірихьэжьэ Іуэхуэхэр дэгъэкІыныжкІэ сэбэп фыхуэу фыкьыдзэрыткъуэтам папщІэ.

ФыкьыдзэрыздзэІуам папщІи фІыщІэ фхуэзощІ.

Налшык къалэ,
2018 гъэм фокІадэм и 19-м.

Глущенкэ Владимир *(Псыхуабэ)*

Уэз Аслъэн *(Черкесск)*

Хьэткъуэ Фатхьи *(Голландие)*

Мэшбащ1э Исхьэкъ *(Мейкьуалпэ)*

ХьэфІыщІэ Мухьэмэд *(Налшык)*

Іэдэмокъуэ Альберт *(Черкесск)*

Бырс Риджаи *(Тырку)*

ДыщкІ Эртан *(Германие)*

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Адыгэ бзылъхугъэ

НапэкIэуцIыр зыгъэхьэзырыр **БАГЪЭТЫР Луизэщ**

УзэщIакIуэм и пхъурылъху

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ музейм 1990 гъэ лъандэрэ и унафэщIыр мы гъэм илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу ЩакIуэ Марьянэ.

БЗЫЛЪХУГЪЭР къызыхэкIар унагъуэр лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщыр. ЩакIуэхэрэ Хъужьхэрэ (и анэмкIэ) къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм зэремыбэкъуэным, адыгэ напэр зэримыгъэулъииным щIалIыкIащ. КъызыхэкIа лъэпкъым IуэхущхьэпэкIуэ лэжьыр зэрыхуейр нэхъыжьхэм къыхалъхьати, Марьянэ зэпымыууэ абы хущIэкъуащ.

ДэлъхуитI диIэщ, зэзыпхъуэхэри тIу дохъури, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным дыхуэнэхъуеиншэу дикъагъэхъащ ди адэ-анэм, абы щхьэкIэ сыт щыгъуи фIыщIэ яхузощI. Псом нэхъ пэ щIыхуэгъэ лъэпкъым зэрыхуейм, гуп ухыхьамэ узэрыхэтыпхъэм, нэгъуэщI кудрим зэпымыууэ абыхэм гу лъыдгъатэрти, ахэр ди гъуаззу дикъэтэджащ», - жIеIэ абы.

Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №3-р дыщэ медалкIэ къыуха нэужь, ехъулIэныгъэ иIэу ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым нэмыцIабзэмкIэ и къудамэм (1966 - 1971 гъэхэм). 1985 гъэм абы Тбилиси щыпхигъэкIащ и диссертацIэ лэжьыгъэр икIи филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. 2001 - 2004 гъэхэм ар щеджащ КъБКъУ-м «УФ-м и лъэпкъхэм я литературэ» щIэныгъэмкIэ и докторантурэм. Илъэсипщым нэблагъэкIэ (1971 - 1980 гъэхэм) ЩакIуэм нэмыцIабзэмкIэ иригъэджащ, Налшык политехникэ техникумым методисту щылэжьащ.

Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу, ар зыщIэса унэ-фэтэрыр музей ящIыну республикэ унафэщIхэм къыщыхалъхьам, ЩакIуэр илъэс еханэ хъуауэ КъБР-м и Лъэпкъ музейм (абы щыгъуэм КъБР-м и Къэрал зэгуэт музейт) и литературэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэу щыIэт. Iэхэущ IанIэм и унафэщIу щыта Мыд Кларэ тригъэгушхуэри, Щоджэнцыкlум и музейм и унафэщIу лэжьэну Марьянэ игъэкIуат, музей Iэхэум фIыуэ зэрыхэгъуэзам тригъыкъри. Марьянэ ящыщт Долинск дэт Литературэ музеймкIи Щэджэк къалэм Кулиев Къайсын и музей къызэIуахамкIи елэжьахэм.

- Си адэшхуэ-анэшхуэхэм ящыщу псэууэ сльагъуну си насып кIихьар си анэм и адэ-раш. Си адэшхуэ Куржы Гъузеррэ адыгэ литературэм и классик Щоджэнцыкlу Алийрэ зэкъуажэгъут, зэгъунэгъуу псэуат. УнагъуитIыр зэблагъэм хуэдэу къызэрызэдэгъэгъуэгурыкIуам сригушхуэрт сыщыцIыкIуми. Аращ Щоджэнцыкlу Алий и музейр къыщызэрагъэпэщым мы лэжьыгъэм гурэ псэкIэ сыщыIбгъэдыхьар, уеблэмэ нобэр къыздэсым сыщIыпэрытыфыр. Алий и цIэр нэхъыбэрэ згъэIуну сфIэфIщ, сыту жыпIэмэ, абы лъэпкъым хуиIэжьар игъащIэкIэ мыкIуэдыжьын Iэхущ, - жIеIэ Марьянэ.

ЩакIуэм Цагъуэ Нурий, Дым Iэдэм, ПIыгъур Ибрэхьим сымэ я цIэм епха гукъэкIыжхэри иIэщ. Абыхэмрэ и адэшхуэ Гъузеррэ я гущIэ халъхьат Кушмэзыкъуей ялэ дыдэу къыщыхэзыхауэ щыта еджапIэм. Хьэлэмэтракъэ, Щоджэнцыкlу Алий ипхъу нэхъыжь Налжанрэ Марьянэ и анэмри зэныбжьэгъуу зэкIэлъыкIуэу щытащ. Иджы Налжан ипхъу ХьэкIуащэ Мадинэрэ езымрэ зэхуэсхэащи, ахэри гуапэу кIыхьэдогъуэгурыкIуэ. «Мадинэрэ сэрэ дыщыщэхэущхьэ: «Классикым и пхъурылъхум сэламышхуэ», жысIэу щесхIэ, езыми: «УэзэщIакIуэм и пхъурылъхум!» - жиIэу жэуап кIытыжу дызэдогушыIэ», - жIеIэ ЩакIуэм.

Щоджэнцыкlу Алий и музейм зэриунафэщIым хуэдэу, ЩакIуэ Марьянэ 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 25-кIэ щыIэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. А Iэхущ IанIэм Iуту, цIыхубзыр япэу елэжьащ къэбэрдей тхакIуэхэм я гъащIэмрэ гуащIэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зэхэгъэувэным, ар 1997 гъэм къыдэкIащ. Тхылъым ихуащ Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэIухыным щелэжьым зэхуихьэсыжа лэжьыгъэхэр. Абы кIыкIэлъыкIуащ Шортэн Аскэрбий теуха тхылъыр. Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум, ЩакIуэм къыдигъэкIащ «Си Щоджэнцыкlу Алий» зыфIищащ и тхылъыр. А гъэ дыдэм Марьянэ дунейм къытригъэхьащ еджакIуэхэм папщIэ Налшык къалэм япэу щекIуэкIа «Он создал мир и он велик» зыфIаща литературэ фестиваль-зэпеуэм хэта щIалэгъуалэм Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ ятхахэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэ. Къыпщтэмэ, ЩакIуэм и щIэныгъэ лэжьыгъэм и нэхъыбапIэр зытриухуар классикращ.

Илъэс етхуанэ хуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлI зыбжанэм я гъусэу, ЩакIуэр иолэжь «Адыгэ (къэбэрдей, шэрджэс, хэкэс адыгэхэр) тхакIуэхэр» тхылъыр гъэхьэзырыным. Бзылъхугъэм хэлъхьэныгъэ хуиIащ лъэпкъ театрми. 2012 гъэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Къэбэрдей драмэм и антологие» тхылъыр. Абы ихуащ Кьардэнгъущ Зырамыку, Шортэн Аскэрбий, Тубей Мухьамэд, ШэджэкIыжьщэ Пщыкъан, Акъсырэ Залымхъан сымэ я драматургиер. КъыщыхэмыщIауэ, �щакIуэм игъэхъэзыращ Мыд Хьэжмуусэ и лэжьыгъэм теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс кудкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

ЩакIуэ Марьянэ мы зэманым зэлэжьхэм и гугъу пщIымэ, ар - Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу тхылъ къыдигъэкIыну яужь зэриторыр. «ИкъукIэ си гуапэщ ди музейм, Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

ЩакIуэ Марьянэ мы зэманым зэлэжьхэм и гугъу пщIымэ, ар - Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу тхылъ къыдигъэкIыну яужь зэриторыр. «ИкъукIэ си гуапэщ ди музейм, Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

- Си адэ-анэ техникыу и гъащIэ псом лэжьащ. И щIалэгъуэм ар щIэхъуэпсу щытат дыщэкI хъуну. Сэри сызэрысабийрэ сурэт щIыным, дизайнер IащIэхэм, къапщтэмэ, гъуазджэм сыдихьэхыу сыкъыдэкIуэтеяти, иужьым дыщэкI гъуазджэм сыхуеджэну щыжьесIэм, абы и гуапэ дыдэ хъуат, - жIеIэ ЩокъуиIм. - Си адэ-анэм икъукIэ фIыщIэ яхузощI седжэкуKи, лэжьэн щыщIэздзагъашIэми, лъэщапIэ къызэзгъэпэщын хуей щыхъуами сыт и лъэныкъуэкIи зыкъызэрысщIагъэкъуам папщIэ, - Хъыджэбз ЩоджэнцIыкIу Алий и музейм зэриунафэщIым хуэдэу, ЩакIуэ Марьянэ 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 25-кIэ щыIэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. А Iэхущ IанIэм Iуту, цIыхубзыр япэу елэжьащ къэбэрдей тхакIуэхэм я гъащIэмрэ гуащIэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зэхэгъэувэным, ар 1997 гъэм къыдэкIащ. Тхылъым ихуащ Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэIухыным щелэжьым зэхуихьэсыжа лэжьыгъэхэр. Абы кIыкIэлъыкIуащ Шортэн Аскэрбий теуха тхылъыр. Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум, ЩакIуэм къыдигъэкIащ «Си Щоджэнцыкlу Алий» зыфIища и тхылъыр. А гъэ дыдэм Марьянэ дунейм къытригъэхьащ еджакIуэхэм папщIэ Налшык къалэм япэу щекIуэкIа «Он создал мир и он велик» зыфIаща литературэ фестиваль-зэпеуэм хэта щIалэгъуалэм Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ ятхахэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэ. Къыпщтэмэ, �щакIуэм игъэхъэзыращ Мыд Хьэжмуусэ и лэжьыгъэм теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

- Си адэшхуэ-анэшхуэхэм ящыщу псэууэ сльагъуну си насып кIихьар си анэм и адэ-раш. Си адэшхуэ Куржы Гъузеррэ адыгэ литературэм и классик Щоджэнцыкlу Алийрэ зэкъуажэгъут, зэгъунэгъуу псэуат. УнагъуитIыр зэблагъэм хуэдэу къызэрызэдэгъэгъуэгурыкIуам сригушхуэрт сыщыцIыкIуми. Аращ Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу тхылъ къыдигъэкIыну яужь зэриторыр. «ИкъукIэ си гуапэщ ди музейм, Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

ЩакIуэ Марьянэ мы зэманым зэлэжьхэм и гугъу пщIымэ, ар - Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу тхылъ къыдигъэкIыну яужь зэриторыр. «ИкъукIэ си гуапэщ ди музейм, Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

- Си адэ-анэ техникыу и гъащIэ псом лэжьащ. И щIалэгъуэм ар щIэхъуэпсу щытат дыщэкI хъуну. Сэри сызэрысабийрэ сурэт щIыным, дизайнер IащIэхэм, къапщтэмэ, гъуазджэм сыдихьэхыу сыкъыдэкIуэтеяти, иужьым дыщэкI гъуазджэм сыхуеджэну щыжьесIэм, абы и гуапэ дыдэ хъуат, - жIеIэ ЩокъуиIм. - Си адэ-анэм икъукIэ фIыщIэ яхузощI седжэкуKи, лэжьэн щыщIэздзагъашIэми, лъэщапIэ къызэзгъэпэщын хуей щыхъуами сыт и лъэныкъуэкIи зыкъызэрысщIагъэкъуам папщIэ, - Хъыджэбз ЩоджэнцIыкIу Алий и музейм зэриунафэщIым хуэдэу, ЩакIуэ Марьянэ 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 25-кIэ щыIэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. А Iэхущ IанIэм Iуту, цIыхубзыр япэу елэжьащ къэбэрдей тхакIуэхэм я гъащIэмрэ гуащIэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зэхэгъэувэным, ар 1997 гъэм къыдэкIащ. Тхылъым ихуащ Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэIухыным щелэжьым зэхуихьэсыжа лэжьыгъэхэр. Абы кIыкIэлъыкIуащ Шортэн Аскэрбий теуха тхылъыр. Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум, ЩакIуэм къыдигъэкIащ «Си Щоджэнцыкlу Алий» зыфIища и тхылъыр. А гъэ дыдэм Марьянэ дунейм къытригъэхьащ еджакIуэхэм папщIэ Налшык къалэм япэу щекIуэкIа «Он создал мир и он велик» зыфIаща литературэ фестиваль-зэпеуэм хэта щIалэгъуалэм Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ ятхахэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэ. Къыпщтэмэ, �щакIуэм игъэхъэзыращ Мыд Хьэжмуусэ и лэжьыгъэм теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

- Си адэ-анэ техникыу и гъащIэ псом лэжьащ. И щIалэгъуэм ар щIэхъуэпсу щытат дыщэкI хъуну. Сэри сызэрысабийрэ сурэт щIыным, дизайнер IащIэхэм, къапщтэмэ, гъуазджэм сыдихьэхыу сыкъыдэкIуэтеяти, иужьым дыщэкI гъуазджэм сыхуеджэну щыжьесIэм, абы и гуапэ дыдэ хъуат, - жIеIэ ЩокъуиIм. - Си адэ-анэм икъукIэ фIыщIэ яхузощI седжэкуKи, лэжьэн щыщIэздзагъашIэми, лъэщапIэ къызэзгъэпэщын хуей щыхъуами сыт и лъэныкъуэкIи зыкъызэрысщIагъэкъуам папщIэ, - Хъыджэбз

Къуажэдэсхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Щэнхабзэмкlэ унэм щекIуэкI лэжьыгъэм. Абы къыщыхэзрагъэпэщ зэхьхьэ гъэщIэгъуэнхэм, пшыхь дахэхэм цIыхур зэхегъэпльэж. А къалэным полъэщ илъэс 30-м щIигъуауэ щэнхабзэм и лэжьакIуэ, Болэтэй жылэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщI Пэщэл Iэсият.

Щэнхабзэм и жьэгу

Пэщэл Iэсият

КЪАТИТIУ зэтет а Iуэхущапlэр 1967 гъэм «Заря коммунизма» колхозым (а зэманым абы и унафэщIыр Хъаний Пётрт) иригъэхуауэ щытащ. Унэм цIыху 450-рэ щIохуэ, етIуанэ къатым библиотекэр щолажьэ. Зэман зэхуэмыдэхэм Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIу щытащ цIыху Iущхэу Щокъуэл Михаил, ПIэхъу Хьэсэн, Балькъэр Мухьэмэд, Тхьэгъэзит Руслан, Науры Артур, Дадэ Тимур сымэ.

- Сэ 1980 гъэм, еджапIэ нэужьым, сыкъагъэкIуауэ щытащ мы Iуэхущапlэм сыщылэжьэну. Абы щыгъуэм библиотекэм и унафэщIыр Мэремкъул Женят. Аращ Iэжьыгъэм дыхэзыгъэгъуэзари, щэнхабзэм дыхэзышари, - жIеIэ Iэсият. - А зэманым колхозхэр, фермэхэр щыIэти, библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхыльхэмрэ журналхэмрэ абыхэм яхьырт икIи зэIэпахыу цIыхур еджэрт. Былымыр Къущхьэхъу щыдахум, ерыскъыри куэду тIыгъуу, ди къафакIуэ-уэрэджьIакIуэхэри тщIыгъуу автобускIэ губгъуэм дыдэкIырти, махуищкIэ цIыхухэм я нэгу зедгъэужьырт, я Iуэхур ядэдгъэпсынщIэрт. Щыс диIакъым зэи.

Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэхэм махуэшхуэхэр ягъэлъапIэ, литературэ-макъамэ пшыхьхэр къыщызэрагъэпэщ, нэхъыжьыфIхэр ирагъэблагъэри ягъэгушхуэ. Зэпымыууэ Щэнхабзэмкlэ унэм щолажьэ гупжьей хьэлэмэт куэд икIи абы я гъэсэнхэм щIыналъэм щекIуэкI зэпеуэхэм сыт щыгъуи ехьулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэ.

- Нэхъ илъэсыкIэ дыIэбжьмэ, 1986 гъэм, Болэтэйм Щэнхабзэмкlэ и унэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Соорыкъуэ» Iуэрыуатэ ансамблыр хэтащ «Легенда и песни адыгов», «Свадьба на Тереке» фильмхэм. Мыхьэнэ ин зиIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэс 80-р щагъэлъапIэм ирихьэлIэу «Первые переселенцы Болатово» театр теплъэгъуэ кIэщI ягъэлъэгъуауэ щытами. 1999 гъэм Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэхэм, зэи апхуэдэ щымыIауэ, «Лъэпкъ зэпеуэ» ирагъэкIагъуэ щытащ. Абы хэтат я хабзэ ягъэлъагъуэу Мэкъауэхэр, Алэщхэ, Дыщокъуэхэр, Наурызхэ, Хамэхэ, - пещэ бзылъхугъэм.

Iуэрыуатэ пшыхьхэри къыщыдэзрагъэпэщ Болэтэйм. Абы къыщынэмысщIауэ, «Адыгэ пщащэ», «Сытыр уи псэукIэ, адыгэ унагъуэ?», «Жьэгу пащхьэ», «Уэ пщIэрэ уи лъэпкъ тхыдэр?», нэгъуэщIхэри ирагъэкIыжкI. Мыпхуэдэ пшыхьхэм я хьэщIэ лъапIэщ жылэдэс нэхъыжьхэр. 2001 гъэм ирагъэкIыжа «НэхъыщIэ дыдэм илъэс 71-рэ и ныбжьщ» зэхьэзэхуэ гукъинэжым хэтраклъам къыпжаIауэ щытащ Хьэмыщ, лэжьыгъэм и ветеранхэу Хьэпэ Iэбузед, Хамэ Джэбрэилэ, Хамэ Михаил, Чернобыль АЭС-м къыщыхуауэ щыта насыпыншагъэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьным хэта ЛIэужь Мирон сымэ.

Щэнхабзэмкlэ унэм щолажьэ щыкIуэ бзылъхэм я гуп «Iэсият» ансамблыр. Абыхэм я художественнэ унафэщIыр пшынаэу Iэзэ, «Играй, гармонь» зэпеуэм мызэ-мыдтIэу щытекIуа Дадэ Нинэщ. Абы иIыгъщ къафэмкIэ, уэрэдымкIэ, пшынэ еуэнымкIэ гупжьейхэр, игъалсэхэр район, республикэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуэу яхэтщ. Пшынауэ Iэзэ хъуну узыщIызыгъэгугъщ Нинэ и гъэсэн Сэбан Сослъан. А щIалэщIэр зэпеуэ, фестиваль зэхуэмыдэхэм жьыджэру хэтщ. Абы и къуэш Аслъэни бэрэбанэ йоуэ. Сыкъун Астемыр пхъащIычым хуэIэкIуэлъакIуэщ, уэрэд жеIэ, Щэнхабзэмкlэ унэм щылажьэ театр гупжьейми хэтщ. Мы цIыкIуищым жьлэздэсыр ирогушхуэ, фIыкIэ я цIэр Iунуи щогугъ.

- Лэжьыгъэ купщIафIэ ирагъэкIуэкI театрым и режиссёр Джазэ Раерэ абы къыдэлажьэ Балъкъэр Iэсиятрэ. Щоджэнцыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэмкIэ абыхэм 1993 гъэм ягъэуба спектаклым къыпхуэкIуауэ щытащ театрым «ЦIыхубз» цIэ лъапIэр кьыфIащыныр. «Мадинэ» и ролыр игъэзэщIат Пэщэл Iэсият, Дисэ и ролыр - Джазэ Рае, Мадинэ и дэлъху нэхъыщIэ Алий и ролыр - Жылау Руслан, - жIеIэ Пэщэлым. - Сыт хуэдэ зэхьэхьэ едмыгъэкIуэкIми, дэ дыхуущIокъу жылэдэсым я гум дынэсыну, гуапагъэ гуэркIэ абыхэм дахуэупсэну. Щэнхабзэмкlэ унэм икъукIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ хуохъу Къуэдзокъуэхэ Мухьэмэдрэ Ахьмэдрэ, Лыкъужь Хьэсадин, Наурыз Арсен, Къэбард Олег, Хамэ Руслан сымэ. Ар ирагъэгъэхьэ, Зэпеуэ щедгъэкIуэкIым, цIыхушхуэ къыщедгъэблагъэхэм абыхэм мылъкукIэ зыкъытщIагъэкъуэри, фIыщIэ яхудощI, дэри я гум щыкIынэн хуэдэу Iуэхум зыхудогъэхьэзыр. Анэр фIыуэ лъагъуным, унагъуэр зэтеIыгъэным, щIэблэм я гум щабагъэ илъыным, ди хабзэмрэ тIыщIэмыхуным ди лэжьыгъэр нэхъыбэу тыдоухуэ.

Болэтэйм Щэнхабзэмкlэ и унэм 2004 гъэ лъандэрэ щолажьэ «Адыгэ центр» музейр. Абы ущрихьэлIэнущ пасэрей зэманым зэрахьэу щыта хьэпшыпхэм. Чы матэм и кур ятIэкIэ къыщIыкIаущ (хьэжьигъэ зракIуэтэ гъущапIэу къагъэсэбэну щытащ), убалъэ, пхъэIэпэ, гуэгуэн, адыгэ шыпхъар-хэм, нэгъущIхэми ди блэкIам зымащIэкIэ ухагъэпльэж.

ЦIыхур гурэ псэкIэ и Iэнатlэм пэрытмэ, ехьулIэныгъэ зэриIэнум и щIыхьэтщ Пэщэл Iэсият и лэжьакIэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

ДыщэкI IэщIагъэм хэзэгъа

Дыщэр, дыжьыныр, жэзыр, гъуаплъэр къагъэIурыщIэу, я хьэпшып дахэхэмкIэ адрейхэм къахэщу къэгъуэгурыкIуащ ди лъэпкъым къыхэкIа цIыху Iэпщ1эльа-пщIэхэр.

ДИ ЗЭМАНМИ, ди гуапэ зэрыхъунщи, дыщэкIхэр диIэщ, уеблэмэ а лъэпкъ Iэщ1агъэм елэжьыну хуей щIалэгъуалэр нэхъыбэ хуащ. Гъэщ1эгъэнщ, зэ епльыгъэкIэ цIыхухъу Iэщ1агъэу къыпщыхъур, адыгэ бзылъхугъэхэми къаззрехъулIэр. Апхуэдэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетыр къэзыуха Щокъуий (Къущхьэбийх я нысэщ) Лаурэ.

- Си адэр дзэ техникыу и гъащIэ псом лэжьащ. И щIалэгъуэм ар щIэхъуэпсу щытат дыщэкI хъуну. Сэри сызэрысабийрэ сурэт щIыным, дизайнер IащIэхэм, къапщтэмэ, гъуазджэм сыдихьэхыу сыкъыдэкIуэтеяти, иужьым дыщэкI гъуазджэм сыхуеджэну щыжьесIэм, абы и гуапэ дыдэ хъуат, - жIеIэ ЩокъуиIм. - Си адэ-анэм икъукIэ фIыщIэ яхузощI седжэкуKи, лэжьэн щыщIэздзагъашIэми, лъэщапIэ къызэзгъэпэщын хуей щыхъуами сыт и лъэныкъуэкIи зыкъызэрысщIагъэкъуам папщIэ, - Хъыджэбз ЩоджэнцIыкIу Алий и музейм зэриунафэщIым хуэдэу, ЩакIуэ Марьянэ 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 25-кIэ щыIэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. А Iэхущ IанIэм Iуту, цIыхубзыр япэу елэжьащ къэбэрдей тхакIуэхэм я гъащIэмрэ гуащIэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зэхэгъэувэным, ар 1997 гъэм къыдэкIащ. Тхылъым ихуащ Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэIухыным щелэжьым зэхуихьэсыжа лэжьыгъэхэр. Абы кIыкIэлъыкIуащ Шортэн Аскэрбий теуха тхылъыр. Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум, ЩакIуэм къыдигъэкIащ «Си Щоджэнцыкlу Алий» зыфIища и тхылъыр. А гъэ дыдэм Марьянэ дунейм къытригъэхьащ еджакIуэхэм папщIэ Налшык къалэм япэу щекIуэкIа «Он создал мир и он велик» зыфIаща литературэ фестиваль-зэпеуэм хэта щIалэгъуалэм Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ ятхахэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэ. Къыпщтэмэ, �щакIуэм игъэхъэзыращ Мыд Хьэжмуусэ и лэжьыгъэм теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

ЩакIуэ Марьянэ мы зэманым зэлэжьхэм и гугъу пщIымэ, ар - Щоджэнцыкlу Алий и музейр къызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу тхылъ къыдигъэкIыну яужь зэриторыр. «ИкъукIэ си гуапэщ ди музейм, Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ зэхуихьэсахэр зэрыт тхылъыр. Илъэс куэдкIэ институтым и зы къудамэм и унафэщIу ар зыдэлэжьа Хьэщхъуэжь Раисэ теухуа лэжьыгъэ зыбжани абы дунейм къытрихьэхьащ. Марьянэ Хьэщхъуэжьым псалъэ гуапэ куэд хужеIэ, Iэхэу бгъэдыхьэкIэ и IэныкъуэкIэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуар къыхэгъэщ.

- Гу зэрыльэстэщи, иджыпсту щIалэгъуалэм яфIэфщ адыгэ тхыпхъэ зытет хьэпшыпхэр, лъэпкъ фащэм и пкъыгъуэхэр зыкIыхьэну. Ахэр нэхъыбэм зэхэзым, дзэхум къыхьэощIыкI, языныкъуэхэм дыжьныр нэхъ къащтэ, - жIеIэ дыщэкI бзылъхугъэм. - Куэдым я лъэпкъ дамыгъэхэр зытет хьэпшыпхэр сагъэщI. Иджыблагъэ суха кьудейщ нысащIэм хуадыну фащэм дыжьным къыхэщIыкIауэ кIэралъхьэну бгъэIулъымрэ бгырыпхымрэ. Апхуэдэу лэжьыгъи 10 хуэдиз яхуэсщIауэ къыщIэкIынщ».

Лаурэ IэщIагъэ дахэ иIэщ, дяпэкIи и Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэнырщ и гупсысэр зытеухуар. «Си хъуэпсапIэщ ди лъэпкъ дамыгъэр тету си адэм къамэ хуэсщIыну...» - дыщIегъу хъыджэбзым.

АЛЪХЪО Дадий.

ЕгъэджакIуэ

Бахъсэн районым хьихьэ Къулъкъужьи Ищхъэрэм къыщалъхуа Тхьэгъэпсэу Iэминат ящыщщ егъэджакIуэ Iэщ1агъэр гурэ псэкIэ къыхэзыхыу абы хуеджакIуэ, ар лэжьыгъэ зыхуэхъуахэм.

- КУРЫТ еджапIэм сыщыщIэсми Iэмал зэриIэкIэ фIыуэ сызэреджэным иужь ситащ. Си адэр къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щылажьэрти, абы къызэригъэпэщ Iуэхуэм сыдахьэхырт. Арщхьэкlэ Iэщ1агъэ схуэхъунур къысхуэмыхыурэ си школ къэуухьгъуэри къэсат. Гуманитар щIэныгъэхэр сфIэфIт, ауэ, абыи емылъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым математикэмкIэ и факультетращ къыхэсхар. СфIэгъэщIэгъуэну сыщеджащ абы, - дыщегъэгъуазэ Тхьэгъэпсэуэм. Ялъэ зидгъэщу жыIэнэщи, абы диплом плъыжькIэ университетыр къыухащ.

Магистратурэм щеджэжу, Iэминат лэжьэн щыщIидзащ. Налшык къалэм Сабий творчествэмкIэ и «Ерудит» центрым. Мы гъэм илъэс еханэ хуауэ абы лъандэрэ, и лэжьыгъэм кIуэ пэтми гукъыдэж къриту йокIуакI, нэхъыбэж къызэрищIэным, зэрызригъэхъулIэным хущIокъу.

Iэминат яхэтщ илъэситхум къыщыщIидзауэ 17-м нэс зи ныбжьхъэм, ныбжьыщIэ 60 мэхъу мы гъэм абы иригъаджэхэр. Центрым сыт хуэдэ Iуэху къыщIрамыхьэжьэми, ар къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъхэм хъыджэбзыр ящыщщ. Махуэшхуэхэм ирихьэлIэу сабийхэр театр теплъэгъуэхэм хагъэтщ, я Iэпщ1эльапщIагъэр къыщагъэльагъуэ Iуэхуэхэр къызэрагъэпэщ. «НыбжьыщIэхэр я Iэдакъэщ1экIхэмкIэ ди нэхъыжьыфIхэм, ветеранхэм яхудогъэпсэ, Анэм и махуэм уэрамым щыдгъэгъуэзу я Iэкlэ ящIа хьэпшып цIыкIухэр, цIыхухэм я гуапэ дощI. Нэхъыжьхэм гулъытэ хуащIын зэрыхуейм щIэблэр худогъэхьэзыр», - жIеIэ Iэминат.

ЕгъэджакIуэр щхьэх имыщIэу зэрылажьэм, и зэфIэкIым зэрыхигъахъуэм и щIыхьэтщ гъэ къэс щIыхь тхылъхэр къызэрыратыр. 2018 гъэм и накъыгъэм Iэминат щеджащ Iэзагъэм щыхагъахъуэ курсхэм, иджы ар категорие нэхъыщIыхь зиIэ егъэджакIуэщ.

Зэпымыууэ щIэ гуэр къэзыпIыхьауэ хъыджэбзыр щхьэупсырт иужьрей зэманым школхэм щагъэунэхун зыщIадза ментальнэ арифмет

Зи пщIэр лъагэ

УнафэщI щыпкъэ, егъэджакIуэ Iэзэ Нартокъуэ Беслъэн Мусэ и къуэр Къулыкъушхи Ищхьэрэ къуажэ псом къыщацIыху. Ешрэ къикIуэтрэ имыщIэу, гумызагъэу, гурэ псэкIэ и лэжьыгъэм бгъэдэтурэ, абы хэлъхьэныгъэщхуэ хуищIащ езыр къыщалъхуа, къыщыхъуа къуажэм дэт 3-нэ курыт еджапIэм зиужьыным.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР къэрал университетым и педагогикэ колледжым географиемкIэ иIэ къудамэр 2001 гъэм къиуха нэужь, Беслъэн егъэджэныгъэ IэнатIэм лажьэн щыщIидзащ икIи нобэр къызэдсым а унэтIныгъэм хэтщ, зэфIэкI лъагэхэр къигъэлъагъуэрэ екъуэлIныгъэхэр иIэу. ИужькIи абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ КъБКЪУ-м и социально-гуманитарнэ институтым.

Илъэс 11-кIэ егъэджакIуэ къызэрыгуэкIыу лэжьакъуэ Нартокъуэр курыт еджапIэм и унафэщI ящIащ. Абы и нэ щIэту щIыпсту лажьэхэм яхэтщ езы Беслъэн езыгъэджахэри. Ауэ абы щхьэкIэ нэхъ гулъытэ лей къамылынхъуэу, я зэхуакъу пщIэрэ нэмысрэ дэлъу зэдолажьэ аэр.

ЦIыху хъэлэлу, гуапэу дунейм тет Беслъэн зыхэт гупми, кIыхьэхэкIа лъэпкъми, и благъэIыхьлыхэм я дежи и пщIэр щылъагэщ, абы и псалъэр яIыпэту апхуэдэщ. Гъуаздэжьм, щэнхабзэм, тхыдэм, нэгъуэщI унэтIныгъэхэми кууэ зэрыщIыкIым, и къэухьым зэрызыригъэужьым и фIыгъэкIэ ар нобэрей зэманым декIуу мэбакъуэ, аращ абы и лэжьыгъэкIэ екъуэлIныгъэхэр щIызыIэригъэхьэфри. Сыт хуэдэ IэхуэмI жэуаплIныгъэ пылъу пэрыхьэ унафэщIым апхуэдэу щытыну адрейхэми яхуегъэуэ.

Сыт хуэдэ щытыкIэ гугъу кIымыхутами, кIыпэщIт къалэныр зэрызэфIихын хэкIыпIэхэр кьегъуэтыф, дэтхэнэ IуэхуэмI езым и епIлыкIэ хуиIэжщ. Апхуэдэ хьэлыфIымрэ и IэщIагъэр фIыуэ зэрилъагъумрэщ ар лъагапIэщIэм хуэзышэр. УнафэщIу лэжьэн зэрыщIидзэрэ курыт еджапIэм иIэ екъуэлIныгъэхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ. Я еджакIуэхэм щIыналъэ, хэгъэгупсо, урысейпсо зэпеуэхэм, зэхьыхьэхэм япэ увыпIэхэр кьыщахьу апхуэдэщ.

Апхуэдэу IуэхущIапIэм и унафэщIыр зэрыгушхуэхэм ящыщщ Урысейпсо муниципальнэ олимпиадэм и рейтингым курыт еджапIэм епIланэ увыпIэр зэрыщIыбыдар; я еджакIуэ нэхъыфIхэу Къуэдз Миланэрэ Уэрхъуасэ Алимрэ илъэс зэкIэлъхьэужьым «Артек» лагерым зэрызыщIагъэсэхуар; я гупым ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкI «Джэгурэш» хэгъэгупсо зэпеуэм япэ увыпIэр кьыщахьу, хамэ къэрал кIуэуэ абыи зэрызыщагъэлъэгъуар, иджыпсту 11-нэ классым щIэс Уэрхъуасэ Алим 2017 - 2018 гъэ еджэгъуэм «Бахъсэн щыналъэм и еджакIуэ нэхъыфI» цIэр кьызэрыфIащар; Бахъсэн щыналъэм и школхэм 2014 гъэм «Курыт еджапIэ пщIантIэ нэхъыфI», 2015, 2018 гъэхэм гъэ еджэгъуэщIэм нэхъыфIу зыхуэзыгъэхьэзыра Iуэхущ1апIэу кьызэралъытар, нэгъуэщIхэри.

Унэ етIуанэ хуэхъуауэ и гъащIэм и нэхъыбэр щигъакIуэ Iуэхущ1апIэм и щIыIэкIэ-псэукIэр, и къэкIуэнур егъэфIэкIуэным жэщи махуи телажьэу апхуэдэщ Беслъэн. Ауэ сыт хуэдэ екъуэлIныгъэ курыт еджапIэм зыIэримыгъэхьэми егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, адэ-анэхэм я фIыщIэущ псори кьызэриIытэр. «Аэр къыскъуэмытмэ, кьызыдэмыIэпыкъумэ, сэ зыри слъэкIыну къым», - жаIэ абы.

УнафэщI гумызагъэм и лажьыгъэфIыр гулъытэнщэ хъуркъым. Абы кьыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым, абы и ЩIалэгъуалэ палатэм, КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и министерствэм, Бахъсэн щыналъэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм я ЩIыхь тхыльхэр, нэгъуэщI куэдри.

Дауи, апхуэдэ унафэщIым щIэблэ мыхъумыщIи иIэнукъым. Езэш имыщIэу зи зэфIэкIым зезыгъэжьэ, ищIэмкIэ сыт щыгъуи ехьыбдэгуэшэну, дэIэпыкъуэгу нэс кьыпхуэхъуфыну Нартокъуэ Беслъэн и лэжьэгъуэхэм я мызакъуэу и еджакIуэхэм, уеблэмэ кьуажэ псом я дежкIэ цIапхъэщ. И акъылкIэ, и IэщIагъэм хуэIэижьу зэрыщIытымкIэ абы кьилэжьыжащ жылагъуэм щиIэ пщIэ лъагэри.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Саугъэт нэхъыщхьэр Голден Стрит ейщ

Налшык щыгъэкапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Кубок Эльбруса» 13-нэ щыгъажэр. Ар теухуауэ щытащ Адыгэшым и дунейпсо махуэм. Абы хэтащ Урысей Ипщэм и ныбжь къабзэ нэхъыфIхэмрэ шууейхэмрэ.

ШыГъАЖЭМ и саугъэт ахъшэр (мыпхыр кьызыбгъэдэкIари кьызэгъэпэщакIуэри КъБР-м Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэрщ) сом мелуанитI хьурт. Ялэ дищ жыIэнщи: шыгъажэ зэпеуэу 9-м щыщу 5-р кьахьащ «Балъкъ» шы заводым и шагъдийхэм, саугъэт нэхъыщхьэр лъысащ Сэкрэкым и шы заводым и гъэсэн Голден Стрит, ар мы гъэм абы и етхуанэ текIуэныгъэщ.

Шыгъажэ зэпеуэм хэтхэм, абы кIэлъыплъыну кьызэхуэсахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ ехьуэхъущ «Урысейм и ипподромхэр» ОАО-м и генеральнэ унафэщI Исаков Николай, абы и кьуэдзэ Щоджэн Хьэчимрэ зэгухьэныгъэм Налшык щIэ кьудамэм и унафэщI АфIэунэ Аслъэнрэ.

Шыгъажэр кьызэIуахри, «Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и фIэфIныныгъэкIэ Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 461-рэ зэрыриркъум и щIыхькIэ» саугъэтым щIэбэныну, Налшык ипподромым и пшахъуэ гъуэгум техьащ илъэсищ, абы нэхърэ нэхъыбэ хьэр. КилометритI гъуэгуанэм и хьэрхуэрэгъуэхэр кьыщызэринэкIри, саугъэтыр кьихьащ Быф А. и Голден Соул шым. ЕтIуанэ хъущ Шейх СультIан, Сэкрэкым и шы заводым и Чингисханым ещанэ увыпIэр лъысащ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, мастер-гъэсакIуэ Алокъуэмрэ япэ категорие зиIэ шууей Шыкъымрэ абыкIэ щIадза кьудейуэ арат. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и щIыхькIэ саугъэтым папщIэ метр 1600-рэ гъуэгуанэм кьыщызэздэжа, илъэсищ зи ныбжьхэмрэ нэхъыжьхэмрэ ящыщу япэ ища Волчаро пцIэгъуэллъыр («Балъкъ» шы заводым ейр) зэрытекIуар зым и дежкIи гъэщIагъэуэнтэкъым - Урысей Ипщэм псынщIэу кьажэхэм (майлерхэм) я нэхъыфIхэм язым и зэфIэкIым зыри зэрыхэмыщIар къигъэлъэгъуащ текIуэныгъэм.

«Кубок Эльбруса» шыгъажэрат нэхъыщхьэри, метр 2400-рэ гъуэгуанэм техьащ хакIуэ нэхъыфIу 8. Абыхэм кьахэщырт Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм кьиКIа, урысейпсо дербим етIуанэ увыпIэр кьыщыщызыхьа, дунейпсо класс зиIэ мастер-шууей Каппушев М. зытес Саарстаун, «Налшык» хьэлэв зэводым ей, Налшык-2016-м и дербист Сонар Прадо, зыри зытезымыгъакIуэ Голден Стрит шыгъажэш дэгъуэхэр. Ялэ категорие зиIэ шууей Щоджэн Iэдэм тэмэму егупсыри, и кIэм нэблагъэху якIэлъыжащ Саарстаунрэ Сонар Прадорэ. ИкIэм-икIэжьм, а тIур зэхьэзэхуэным иригъэшри, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэращ кьалъысжар. Голден Стрит текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. А шым зэрегугъум папщIэ фIыщIэ хуэфащэу мастер-гъэсакIуэ Бахъуэ Мухьэмэд.

Республикэм и махуэм и щIыхькIэ ягъуэгу щыIэ щхьэбзэм ветеринар щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу яхэтакъым а гъуэгуанэр телъыджэу кьызэхъулIэ Джумейрэ (Сэкрэкым и шы завод). Ауэ «Балъкъ» шы заводым и Фараонкэ и хьэрхуэрэгъуэр дахэу кьызэринэкIащ.

Дызыпэмыплъа текIуэныгъэр Налшык кьалэм и саугъэт зэпеуэм (метр 1600-рэ гъуэгуанэ) кьыщихьащ Балъкъыз С. и пцIэгъуэллъ Платея, мастер-гъэсакIуэр Алокъуэрщ, ар кьигъэжащ япэ категорие зиIэ шууей Шыкъ Iэдэм. Бжьыпэр зыубыдам кьызэринэкIащ куэдым фIыуэ яцIыху Эмирэйтс Пэлас, Благостный, Гордый Маэстро сымэ, нэгъуэщIхэри зыхэта хакIуэ гупыр (8).

КъБР-м Мэкъумэш Iэнатiэмкiэ и министерствэм и саугъэтым щхьэкIэ кьызэздэжа (метр 1600-рэ) инджылыз-адыгэ шы лъэпкъ ильэситI ныбжь зиIэхэм япэу кьыхагъэщIащ нэхьапэм тIэнчейрэ текIуа Караваджо шы къарэр. Бжьыпэр иубыдащ Бэджыдэ А. и хакIуэ Ютэкым. Шыр зыгъасэр Вэрокъуэ Вячеславщ, ар къигъэжащ Махьцы Алихъан.

ТекIуэныгъэм кьыпащащ «Балъкъ» шы заводым ишхэм. Метр 2000-м кьыщыызэдэжа шыхэм, илъэсищ зи ныбжьхэмрэ нэхъыжьхэмрэ, «Росипподромы» АО-м и саугъэтыр кьыщихьащ пцIэгъуэлъ Иц Э Бой, илъэс 11 зи ныбжь ветеран Антиус зыIэригъэхьащ «Бжьыхьэ дыщэ» саугъэтыр. Мастер-гъэсакIуэр Алокъуэмрэ шууей Шыкъымрэщ, Платей и екъуэлIныгъэр хэббжэмэ, зы махуэм екъуэлIныгъи 6 яIащ.

«КъБР-м и гугъэ» саугъэтым щхьэкIэ (метр 1200-рэ) я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ ильэситI хъу шыхэм. И хьэрхуэрэгъуэм фIыуэ япэ ищри, текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ 2013 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтым щIэбэнахэм ящыщу етIуанэ увыпIэр зыубыда Морис Арчэрэ Уфа ипподромым «Струна», «Арагва» саугъэтхэр кьыщызыхьа Венессэрэ я кьуэ пцIэгъуэлIэ Джамалудин. Мастер-гъэсакIуэр Бахъуэ Мухьэмэдщ, ар кьигъэжащ япэ категорие зиIэ шууей Щоджэн Iэдэм.

ДЫЩЭКI Альберт.

Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

НэгъуэщI щIыпIэхэм я Iуэху нэхъ къыщокI

● Футбол

СКА (Дон Iус Ростов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:0). Дон Iус Ростов. «Труд» стадион. ФокIадэм и 16-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Иванников (Ставрополь), Тибилов (Владикавказ), Даниленкэ (Волгоград).

СКА: Афанасьев, Забродин, Борисов, Ермаков (Бачурин, 79), Рябоконь, Погребняк (Иванков, 70), Гусейнов (Скрынник, 60), Кльшэ (Фёдоров, 62), Манько, Шаповалов, Девадзе.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев, Салахетдинов, Белоусов, КIэдыкIуей (Iэпщацэ, 82), Мэшыкъуэ Хь., Михайлов, Дэхъу, Машэжь, Бацэ (Мэшыкъуэ И., 90), Бажэ.

Топыр дигьэкIащ: Бацэм, 57 (0:1).

ЗЭIУЩIЭР щекIуэкIыну махуэм Дон Iус Ростов увыIэгъуэ имыIэу щыуэлбэнащ. Ушхым къигъэуцIыну губгъуэм уцыджэгуну хуабжьу гугъут, арщхьэкIэ «Спартак-Налшыкым» абы Iэзагъ лъагэ кьыщигъэлъэгъащ икIи хуэфащэ дыдэу текIуэныгъэр щызыIэригъэхьащ.

Япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ лъэныкъуэхэр ерыщу зэпщIэуваш. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм кьалэн инхэр щамыIэми, аэр зыкIи зыщысхьыжьртэкъым икIи джэгукIэ удэзыхьэх кьагъэлъагъуэрт. Апхуэдэу пэтми, бжыгъэр кьызэIуамыхауэ командхэр загъэпэхуну икIащ.

Ди щIалэхэм, хабзэ зэрахуэхъуауэ, джэгум и етIуанэ Iыхьэр хуабжьу жьыджэру ираГъэжьащ. Абыхэм яебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр хэгъэрейхэм зэрахуэзышэчар дакъикъэ зыбгъупщIщ. «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэуэ Бацэ Къантемыр зэуа топым СКА-м и гъуащхьэтетым кьиригъэзэфакъым.

Бжьыгэр зэхуэдэ ящIыжину ростводзэсхэм псынщIэу зрачащ. АрщхьэкIэ ди щIалэхэр абы хуэхьэзыт икIи я гъуэм пэжьыжьэу аэр кьызэтрагъэувыIэрт. Пэжщ, Манько Валерий Iэмал гъуэзэджэ иIащ кьыкъэжаныкIыну. Ди насыпти, ар зэуа топыр зы мащIкIэ гъуэм хуэзакъым.

Джэгум и кIэухым хэгъэрейхэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу ипэкIэ кIуэтащ. Абыхэм кьару куэд ирахьэлIащ зы очко нэхъ мыхъуми кьрагъэлын папщIэ. АрщхьэкIэ «Спартак-Налшыкыр» кьэдэхьакъым икIи текIуэныгъэр кьыхуэзыхь топыр ихъумэфащ.

* * *

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Черноморец» (Новороссийск) - 1:3 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 22-м. ЦIыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Стрельцов, Егоров (тIури Дон Iус Ростов щыщщ), Лацвиев (Шахты).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Белоусов, КIэдыкIуей, Михайлов (Машэжь, 46), Дэхъу (Шаваев, 72), Салахетдинов, Мэшыкъуэ Хь., Бацэ (Мэшыкъуэ И., 64), Бажэ.

«Черноморец»: Швагирев, Юдин, Кузнецов, Обивалин, Селеменев, Мендель, Гаранжа (Миносян, 87), Лезгинцев, Пономарёв (Агаронян, 63), Черткоев (Захаров, 84), Стефанович (Матюшенкэ, 84).

Топхэр дигьэкIащ: Бажэм, 13-пенальтикIэ (1:0). Гаранжа, 45+1 (1:1). Стефановичи, 82 (1:2), Захаров, 90+2 (1:3).

Дагъуэ хьыхуащIащ: Дэхъум, Салахетдиновым, Бацэм, Шаваевым, Швагриневым, Матюшенкэ.

2018 - 2019 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я Iуэхуэр нэгъуэщI щIыпIэхэм куэдкIэ нэхъ кьыщокI: абыхэм я текIуэныгъэпIри кьыщахьащ. АрщхьэкIэ я стадионым иджыри къэс зыри щыхагъэщIэфакъым (2 щыфIахьащ, 1 зэрытегъэкIуакъым). Ди лъахэгъу ДыщэкI Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ «Черноморец»-ми очкоищ зыIэригъэхьауэ щэбэтым Новороссийск иIэзэжащ.

Налшыкдэсхэм хуабжьу жьыджэру ирагъэжьат икIи епщыкIущанэ дакъикъэм Бажэ Амир пенальтикIэ зигъэрейхэр япэ иригъэщат. АрщхьэкIэ джэгум и япэ Iыхьэм къыщIагъуа зэманымрэ зэIущIэм и кIэухымрэ я къарур ирикъужакъым икIи топищ къыхудагъэкIри, новороссийскдэсхэм текIуэныгъэр яхьащ.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызэдагъуэш зи чэзу текIуэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа «Чайка»-мрэ «Урожай»-мрэ. Абыхэм закъыкIэримыгъэхуну яужь итщ Ешыгу Сэфарбий зи тренер нэхъыщхьэ Мейкьуапэ и «Дружба»-м.

Иужь джэгугъуитIым кьыщыхэмыжаныкIами, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщIыгъ Iуащ «Спартак-Налшыкым» и пашэ Мэшыкъуэ Хьэчим. 2018 - 2019 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм абы топих щыдигъэкIащ. Ди щIалэм гъунэгъу дыдэ зыкъыхуащIащ Хохлачёв Александррэ («Чайка») Жабкин Михаилрэ («Спартак-Владикавказ»). Ахэр тхэурытхуэ кьыхэжаныкIащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ иужь зэIущIэхэм кьарикIуа бжыгъэхэм: еянэ джэгугъуэ - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **5:1**, **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Легион-Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **2:2**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Урожай»** (Краснодар) - **0:1**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **2:1**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **0:1**, **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **«Академия»** (Дон Iус Ростов) - **2:1**; ебгъуанэ джэгугъуэ - **«Волгарь»** - **«Ангушт»** - **2:1**, **«Краснодар-3»** - **«Чайка»** - **0:1**, **«Легион Динамо»** - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** - **1:1**, **«Спартак-Владикавказ»** - **СКА - 0:1**, **«Урожай»** - **«Биолог-Новокубанск» - 2:1**.

ФокIадэм и 30-м кьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Нэзрэн къалэм «Ангушт»-м щыIущIэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Дзюдо

Ныбжьыщ1эхэм я екъуI1энныгъэ

Налшык дэт «Универсальный» спорт комплексым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм дзюдомкIэ и зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ 2002 - 2004 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэр.

КАВКАЗ Ищхьэрэм и щIыналъыблым къикIа спортсмен 495-рэ зыхэта зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп къыхэхам щыщу щIалэ 49-м, хьыджэбзи 5-м утыку зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Мы зэпеуэр зытеухуауэ щытар ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэу Тюмень кьалэм щекIуэкIынум хэтынухэр кьыхэхыныр. Байдаевэ Аишэ (кг 40, Кабардинэ-Балкарэ), Кабуловэ Миланэ (кг 70-рэ), Мэздэгу Мусэ (кг 50), Гаев Умар (кг 81-рэ) сымэ дыщэ медалхэр щызыIэрагъэхьащ абы. Дыжьын медалхэр я Iэрылъхьэ хъуащ Уянаев Ислъам (кг 90), Хьэмыкъуэ Алим (кг 73-рэ) сымэ.

ЕхъулIэныгъэ къэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэр я гъэсэнщ тренерхэу Емкъуэ Мухьэмэд, Иванов Дмитрий, Къуфэч Алим, Мырзэ Тимур, Новиковэ Антонинэ, Дзу Беслъэн сымэ.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Чайка»	8	7	1	0	19-7	22
2. «Урожай»	8	7	1	0	14-5	22
3. «Дружба»	8	6	0	2	13-5	18
4. «Волгарь»	8	5	2	1	13-8	17
5. «Спартак-Налшык»	8	4	2	2	13-10	14
6. «Черноморец»	8	4	1	3	19-7	13
7. «Мэшыкъуэ-КМВ»	8	3	3	3	8-9	12
8. «Биолог-Новокубанск»	8	3	1	4	10-8	10
9. «Легион Динамо»	9	2	4	3	13-13	10
10. СКА	9	2	3	4	6-10	9
11. «Ангушт»	8	1	5	2	5-6	8
12. «Спартак-Владикавказ»	9	1	2	6	9-16	5
13. «Краснодар-3»	8	1	2	5	6-20	5
14. «Академия»	8	1	1	6	6-18	4
15. «Динамо-Ставрополь»	8	0	2	6	6-18	1

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, программэхэр къызыт Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниемрэ лэжьакIуэхэр КъШР-м щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиемрэ унафэщI **Уэхъутэ Александр Жамырзэ и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Уэхъутэ Рауф Жамырзэ и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

КъБР-м Щэнхабзэмкiэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» ОРТК-м, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием я коллективхэр КъБР-м и радиом и редактор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист **Мыз (Сыжажэ) Майе Талий и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Сыжажэ Анатолэ Талий и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Зилиэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэмэн Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, ПэщIэпыдж Замирэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; зыкъыгурыIуэгъэ щIыIэпсыр зыхъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатiэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатiэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.191 ● Заказ №949